# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

## Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 28-июньдеги “5 баслама үйге тапсырма” жойбарын әмелге асырыў концепциясы ҳаққында»ғы 192-санлы буйрығы ҳаққында

Оқыўшы-жаслардың жазғы дем алысы даўамында бос ўақытларын мазмунлы шөлкемлестириў, мәдений дәрежесин көтериў, оларды миллий ҳәм улыўмаинсанныйлық мәденияттың ең жақсы үлгилеринен пайдаланыў, физикалық тәрбия ҳәм массалық спортты ен жайдырыў, саламат турмыс тәрзин үгит-нәсиятлаў, компьютер технологиялары ҳәм бағдарламаластырыў тийкарларын үйретиў, ктиапханлық ҳәм китап үгитлеўин күшейтиў, қызларды социаллық жедел турмысқа тартыў жумысларын және де күшейтиў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 28-июньдеги «5 баслама үйге тапсырма» жойбарын әмелге асырыў концепциясы ҳаққындағы 192-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 28-июньдеги «5 баслама үйге тапсырма» жойбарын әмелге асырыў концепциясы ҳаққындағы 192-санлы буйрығы менен төмендегилер:

жойбарды әмелге асырыў концепциясы 1-қосымшасына муўапық;

жойбар жеңимпазларын сыйлықлаў ушын ажыратылған товар материаллық-байлықлары дизими 2-қосымшасына муўапық;

жойбарды әмелге асырыўшы шөлкемлестириў комитети қурамы 3-қосымшасына муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. 2021-жыл июль-август айларында улыўма орта билим бериў мектеплери оқыўшылары ортасында “5 баслама үйге тапсырма” жойбары (кейинги орынларда жойбар деп аталады) әмелге асырылсын.

4. Қарақалпақстан Республикасында «5 баслама үйге тапсырма» жойбарын әмелге асырыўшы шөлкемлестириў комитети (кейинги орынларда шөлкеемлестириў комитети деп аталады) қурамы қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

5. Шөлкемлестириў комитети (Ш.Таджимуратов)не:

жойбарда Қарақалпақстан Республикасынан мектеп оқыўшыларының Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң “5 tashabbus_maktabda” facebookтеги топарында ҳәм “ijodkor_bolalar”, “dasturchi_bolalar”, “sport_tezlik” телеграм каналларында жоқары дәрежеде қатнасыўын тәмийинлеў;

жойбар жуўмақлары бойынша тийисли ҳүжжетлерди рәсмийлестириў ҳәм

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигине усыныў ўазыйпалары жүкленсин.

6. Барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлими бпаслықлары ҳәмде республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорларына:

усы жойбар бойынша барлық оқытыўшы ҳәм оқыўшыларды хабардар етиў ҳәмде олардың белсенди қатнасыўын тәмийинлеў ўазыйпасы тапсырылсын.

7. Министрликтиң баспасөз хаткери (Т.Даўлетмуратов)не:

жойбарды өткериў бойынша әмелге асырылған жумысларды ғалаба хабар қуралларында кең жарытыў ҳәм министрликтиң веб-сайтына жайластырыў ўазыйпасы жүкленсин.

8. Министрликтиң атқарыў тәртиби ҳәм мүрәжатлер менен ислесиў бөлими (М.Есбосынов) усы буйрықты бир күн мүддетте барлық район (қала)лық халық билимлендириў бөлимлерине ҳәмде республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелерине жеткериўди тәмийинлесин.

9. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI XALIQ BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI * QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI XALQ TA'LIMI VAZIRLIGI * D KEN'SE HU'JJETLERI

Нөкис қаласы,
2021-жыл "30" июнь
№ 158

Көширмеси дурыс.
М. Есбосынов

Қарақалпақстан Республикасы Халық
билимлендириў министриниң 2021-жыл
30-июньдеги 158-санлы буйрығына қосымша

## Қарақалпақстан Республикасында «5 баслама үйге тапсырма» жойбарын әмелге асырыўшы шөлкемлестириў комитети қурамы

| | | | |
|---|---|---|---|
| 1. | Ш.Таджимуратов | | Министр орынбасары, исши топар баслығы |
| 2. | Р.Танирбергенов | - | Руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлиминиң баслығы, исши топар қурамының жуўапкер хаткери |
| | | | **Ағзалары:** |
| 3. | Ө.Хабибуллаев | - | Руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлиминиң бас қәнигеси |
| 4. | Қ.Бекимбетов | - | Руўхый-әдеп-икрамлылық тәрбия ҳәм мектептен тыс билимлендириў бөлиминиң бас қәнигеси |
| 5. | Т.Даўлетмуратов | - | Министрликтиң баспа сөз хаткери |
| 6. | Барлық район (қала)лық халықң билимлендириў бөлими баслықлары ҳәмде республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери директорлары | - | Дизим бойынша |